



Pou Piblikasyon Imedya: 27/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO MANDE SENA ETAZINI AN POU LI ADOPTE YON PWOJÈ LWA POU SOULAJMAN CORONAVIRUS LA KI EDE TOUT AMERIKEN YO

Reyitere apèl pou abwoje SALT

Renouvele apèl pou Premye Lwa Ameriken ki di yon antrepriz pa ka kalifye pou resevwa finansman gouvènman an si li pa re-anboche menm kantite anplwaye li te genyen anvan pandemi COVID-19 la

Ankouraje prezidan Trump pou sipòte yon Pwogram Enfrastrikti Piblik Reyèl ak apwouve pwojè enfrastrikti yo nan New York

Yon nevyèm rejyon ranpli kondisyon yo pou re-ouvri jodi a; Long Island rejwenn rejyon Mid-Hudson Valley, Rejyon Kapital, Lwès New York, New York Santral, North Country, Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley, ki satisfè sèt paramèt yo egzijè yo pou kòmanse plan re-ouvèti a

Konfime 1,129 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 364,965; Nouvo ka nan 45 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande Sena Etazini an pou li adopte yon pwojè lwa pou soulajman coronavirus la ki ede tout ameriken yo ak sipò fiskal san restriksyon pou eta yo. Pwochen pwojè lwa a dwe konsantre sou finansman gouvènman etatik ak lokal, fanmi k ap travay, tès nan eta ak efò trasaj ak yon estimilan ekonomik reyèl san okenn èd finansye pou antrepriz yo ki pa pwoteje anplwaye yo epi ki sèlman anrichi dirijan oswa aksyonè yo. Chanm Reprezantan yo te pase yon pwojè lwa a ki gen ladan 500 milya dola pou eta yo ak 375 milya dola pou gouvènman lokal yo; finansman Medicaid pou moun ki pi frajil yo; ogmantasyon asistans manje SNAP; 100 pousan asistans federal FEMA; finansman pou fè tès; epi abwoje SALT pou ede eta ki pi afekte nan COVID-19 la.

Gouvènè Cuomo te reyitere apèl li tou pou Sena Ameriken an abwoje limitasyon SALT yo. Eta yo ki pi afekte nan COVID-19 la reprezante plis pase yon tyè nan Pwodwi Enteryè Brit, PIB (Gross Domestic Product, GDP) nasyonal la. Yo voye tou dè dizèn milya dola taks anplis bay gouvènman federal la pase sa ki retounen vin jwenn yo, epi dola ke yo voye yo distribiye ansuit nan lòt eta yo ak gwo sosyete yo. Menm Eta sa yo ki pi afekte nan COVID-19 la, se menm eta sa yo tou ki te frape pi di nan limit taks eta a ak taks lokal yo, premye taks doub nan istwa Etazini ki motive pa politik ke lwa taks federal la te aplike an 2017.

Gouvènè Cuomo te renouvle tou apèl pou Kongrè a pou li adopte Premye Lwa Ameriken an pou ede anpeche sovtaf finansye antrepriz apre pandemi COVID-19 la. Lejislasyon an, ki te toudabò yon pwopozisyon Gouvènè a nan dat 10 me, di yon antrepriz pa ka kalifye pou resevwa finansman gouvènman an si li pa kenbe menm kantite anplwaye antrepriz sa a te genyen anvan pandemi COVID-19 la.

Gouvènè a te ankouraje prezidan Trump tou pou sipòte yon pwogram enfrastrikti piblik reyèl ak avanse pwojè enfrastrikti yo nan New York -- enkli Tren Anlè nan LaGuardia (LaGuardia AirTrain) a, Tinèl Cross-Hudson nan ak agrandisman Metro Second Avenue an -- pou ede dinamize ekonomi an.

Gouvènè a te anonse tou ke Long Island satisfè tout sèt paramèt ke yo egzije yo pou kòmanse premye faz nan re-ouvèti a apati jodi a, ap rejwenn rejyon Mid-Hudson Valley, Rejyon Kapital, Lwès New York, New York Santral, North Country, Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley.

"Nou konprann ke eta yo responsab pou re-ouvri, men an menm tan an, gouvènman federal la gen yon wòl pou li jwe epi li dwe jwe pati pa li pandan n'ap pwogrese nan kriz sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kounye a Washington ap fè deba sou pwochen pwojè lwa li ki ta ede nan re-ouvèti a ak nan rekiperasyon an. Pwojè lwa anvan yo ede biznis yo ak enterè yo e sa se yon bon bagay, men kounye a yo dwe ede eta a ak gouvènman lokal yo ki finanse lekòl ak lopital yo. Pa ka gen yon rekiperasyon nasyonal si yo pa finanse eta a ak gouvènman lokal yo - sa a se yon reyalite. Rekiperasyon anba viris sa a pa gen pou wè ak politik - nou ap goumen kont yon viris epi viris la se pa yon viris demokrat oswa repibliken - epi gouvènman federal la dwe aji kounye pou adopte yon pwojè lwa pou soulajman federal nan kad Kowonaviris la ki onorab ak desan e fè sa ki bon an pou tout Ameriken yo".

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,129 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 364,965 ka konfime nan Eta New York. Nan total 364,965 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,796	3
Allegany	45	1
Broome	528	6
Cattaraugus	82	1
Cayuga	80	2
Chautauqua	78	1
Chemung	136	0
Chenango	125	2
Clinton	95	0
Columbia	380	7
Cortland	39	0
Delaware	78	1

Dutchess	3,847	13
Erie	5,810	57
Essex	36	0
Franklin	20	0
Fulton	198	2
Genesee	195	2
Greene	231	6
Hamilton	5	0
Herkimer	105	2
Jefferson	72	0
Lewis	20	0
Livingston	118	0
Madison	310	7
Monroe	2,791	29
Montgomery	82	2
Nassau	40,034	60
Niagara	972	7
NYC	199,968	667
Oneida	929	12
Onondaga	2,033	21
Ontario	198	3
Orange	10,292	15
Orleans	210	2
Oswego	105	1
Otsego	69	0
Putnam	1,227	5
Rensselaer	466	0
Rockland	13,047	28
Saratoga	465	2
Schenectady	673	5
Schoharie	49	0
Schuyler	11	0
Seneca	55	0
St. Lawrence	200	3
Steuben	241	1
Suffolk	39,258	59
Sullivan	1,340	2
Tioga	124	2

Tompkins	155	1
Ulster	1,645	7
Warren	252	1
Washington	228	0
Wayne	110	0
Westchester	33,186	79
Wyoming	82	0
Yates	39	2

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)